

LATIHAN SOAL BAHASA SUNDA SEMESTER GANJIL
Kelas/Semester : VII / I (Ganjil)

NAMA	:	
KELAS	:	

SELAMAT BEKERJA

A. PILIHLAH JAWABAN YANG PALING TEPAT!

1. *Di pamatuhan anu ti heula mah geus biasa silih injeum barang jeung tatangga téh. Maksudna barang atawa pakakas paranti migawé hal-hal anu basajan atawa paranti beberesih, upamana nginjeum pacul, nginjeum gantar, nginjeum jubleg, atawa nginjeum kompa sapédah. Ari di komplek mah asa karagok rék kitu téh, komo deul lamun ka tatangga anu imahna dipager bari dikonci.*

Naon istilah **jublek** dina teks diluhur...

- A. Lama
 - B. Perkakas tempat menumbuk padi atau beras, terbuat dari kayu atau batu.
 - C. Galah
 - D. Jatuh
2. Naon ciri imah ngupuk...
- A. Lanténa keramik
 - B. Lanténa taneuh
 - C. Panggung
 - D. Aya tanggaan
3. Mana imah anu ditembok sapotong, ti bagian handap tepi ka wates jandelana ditembok, ari ka luhurna ngagunakeun bilik atawa papan....

A.



C.



B.



D.



4. Wangunan tempat tinggal anu diwangun ku kamar tidur, kamar mandi, dapur, anu aya dina hiji lantai gedong bertingkat anu ageung sareng mewah, dilengkepan ku sababaraha fasilitas. Inpormasi di luhur mangrupikeun istilah....

- A. Asrama
- B. Apartemen
- C. Rumah toko/ Ruko
- D. Rumah kantor / Rukan

5. Wangunan anu nampung sajumlah siswa sacara terus-terusan atawa périodik kalawan kapentingan, tujuan jeung harepan anu sarua sangkan bisa ngalaksanakeun kagiatan sacara éfisién jeung éféktif. Inpormasi di luhur mangrupikeun istilah....

- A. Apartemen
- B. Mess
- C. Asrama
- D. Kosan

6. Baca téks di handap

Jambatan Panus

Nyebutna sok dicokot gampangna baé, Jambatan Panus. Padahal lamun dipaluruh sajarahna, éta kecap "Panus" téh asalna tina "Stevanus Leander", nyaéta urang Walanda anu baheula matuhna gigireun éta jambatan. umur éta jambatan téh, nepungkeun lahan anu urang Walanda, ngaran

Geus leuwih ti saabad kapotong ku Walungan Ciliwung. Dijieunna ku insinyur Andre Laurens, dina taun 1917. leu jambatan téh nepungkeun dua wewengkon, antara Dépok jeung Bogor. Nya ari ka dituna mah bisa dikebatkeun ka Batawi atawa Batavia anu ayeuna disebut Jakarta. Heureut ukuranana ogé, ukur opat méteran. Tapi najan kitu, éta jambatan téh penting pisan pikeun sarana transportasi. Ayeuna mah nepungkeun antara Jalan Siliwangi jeung Jalan Tolé Iskandar. Asupna ka wewengkon Kalurahan Depok, Kacamatan Pancoran Mas.

Ku sabab heureut, kendaraan teu bisa papaliwat. Jadi wayahna kudu piligenti, atawa aya nu ngadagoan heula kendaraan séjén sina ngaliwat. Ari ayeuna mah geus nyampak jambatan anyar anu ukuranana leuwih rubak, dijieunna taun 1992, sangkan lalulintas lancar, da apanan kendaraan téh jumlahna beuki loba waé.

Éta jambatan anyar téh angger wé disebutna Jambatan Panus, ngan pédah ditambahan ku kecap "Baru", pikeun ngabédakeun Jambatan Panus anu heubeul. Jadi di dinya téh aya Jambatan Panus Baru jeung Jambatan Panus Lama anu jadi ciri dina sajarah kamekaran Dépok.

Tema teks diluhur nyaéta.....

- A. Jambatan Panus
- B. Di wangun ku andre laurens
- C. Nepungkeun dua wewengkon Depok jeung Bogor
- D. Kapotong ku walungan ciliwung

7. Baca téks di handap!

Ayeuna di Depok geus aya cagar budaya, di antarana dirojong ku organisasi Kumpulan Orang Orang Depok (KOOD). Ari tujuan diadegkeun cagar budaya téh pikeun **nangtayungan** sakur barang heubeul titinggal budaya jaman baréto, utamana wawangunan, sangkan henteu dirarobah. Nya ari maksudna mah di antarana pikeun jadi dokumen sajarah. Apan éta téh penting pikeun kabeungharan budaya Nusantara.

Kécap tina "**nangtayungan**" hartina nyaéta?....

- A. Melindungi
- B. Didukung
- C. Kekayaan
- D. Menyimpan

8. Cara nuliskeun angka 1968 dina kalimat anu ngagunakeun basa sunda anu bener anyaéta...?

- A. Hiji salapan genep dalapan
- B. Sarebu salapan puluh genep dalapan
- C. Sarebu salapan ratus genep puluh dalapan
- D. Sarebu salapan ratus genep dalapan

9. Dihandap iyeu aya conto kecap anu ngandung vocal **U** anu posisina **di tengah** nyaéta...?

- A. Ulah
- B. Alus
- C. Sireum
- D. Geulis

10. Nu kaasup hurup vocal dina Basa Sunda nyaéta..?

- A. É, A, I, U, O.
- B. A, I, U, EU, O.
- C. A, I, U, E, O, É, EU.
- D. É, A, U, I, O, EU.

11. Cahaya mah budak pangrajinna di éta kelas.
Kécap "**Pangrajinna**" kaasup kana kécap..?
A. Kécap barang C. Kécap pananya
B. Kécap kaayaan D. Kécap parentah
12. Murid kelas tujuh **nyieun** karajinan tina kardus urut....
A. Kécap pagawéan C. Kécap barang
B. Kécap sipat D. Kécap asli
13. Jalma soméah tangtu tara dijarauhan ku sobat-sobatna.....
A. Kécap sipat C. Kécap barang
B. Kécap pagawéan D. Kécap asli

14. Maca **Sisindiran**

*Manuk bultok milu kongkur,
diteundeun luhureun roda.
Ngaran Dépok ti kapungkur,
titinggal karuhun Sunda.*

Naon ari nu dimaksud "**titinggal karuhun Sunda**"?

- A. Peninggalan jaman penjajah
B. Peninggalan nenek moyang sunda
C. Peninggalan jaman walanda
D. Peninggalan jaman kemerdekaan
15. Baca teks dihandap.
- Ku sabab heureut, kendaraan teu bisa papaliwat. Jadi wayahna kudu piligenti, atawa aya nu ngadagoan heula kendaraan séjén sina ngaliwat. Ari ayeuna mah geus **nyampak** jambatan anyar anu ukuranana leuwih rubak, dijieunna taun 1992, sangkan lalulintas lancar, da apanan kendaraan teh jumlahna beuki loba waé.
- Kécap tina "**nyampak**" hartina nyaeta?....
A. Ada/tersedia C. Tetap
B. Diambil D. Lebar
16. Baca teks di handap.!
- Sanggeus jaman merdeka, Dépok téh jadi kacamatan, asupna ka wewengkon Kabupaten Bogor. Ti mimiti taun 1976, Dépok tambah mekar, di antarana ti sanggeusna diwangun kampus Universitas Indonésia, ditambah ku diadegkeunana rupa-rupa perumahan. Nya ti harita, Dépok robah statusna, tina Mimiti na depok asup ka wewengkon mana?
- A. Bekasi C. Depok
B. Bogor D. Batavia

17. "**Tuturut Munding**"

Naon istilah babasaan diluhur....?

- A. Kurang pengalaman
B. Nurutan batur bari teu nyaho maksudna
C. Pageuh kana kahayang
D. Insap

18. Baca teks di handap.!

Potongan Imah Tradisional Dépok

Ayeuna di Depok geus aya cagar budaya, di antarana dirojong ku organisasi Kumpulan Orang Orang Depok (KOOD). Ari tujuan diadegkeun cagar budaya téh pikeun nangtayungan sakur barang heubeul titinggal budaya jaman baréto, utamana wawangunan, sangkan henteu dirarobah. Nya ari maksudna mah di antarana pikeun jadi dokumen sajarah. Apan éta téh penting pikeun kabeungharan budaya Nusantara.

Di Kampung Parung Tengah, Kalurahan Durén Mekar, Kacamatan Bojongsari aya imah penduduk anu geus asup kana barang cagar budaya. Éta imah téh masih angger saaslina, sakumaha waktu diadegkeun ku H. Abdul Manap atawa H. Adul, dina taun 1930.

Imah panggung maké balé, di buruan tukang aya leuit. Lahanna ogé kawilang lega keur ukuran jaman ayeuna mah, aya 3.800 méter pasagi. Éta imah téh masih kénéh dipiara, anu matak teu gancang ropoh.

Kitu da ari potongan imah tradisional di Depok mah. Sok aya waé leuit paranti nunda paré, apan baréto mah kahirupan masarakat téh umumna jadi patani. Saméméh diadegan imah dina taun 1930, asalna pisan mah di dinya téh dipaké paguron penca anu dicekel ku H. Baan, nyaéta bapana H. Adul. Ti H. Adul ayeuna turun ka Bang Kandar. Ari paguron silatna nu dingaranan Kaulinan Patani tepi ka ayeuna gé masih ngayakeun kagiatan.

Ceuk katerangan urang dinya, éta imah tradisional téh sakapeung sok digunakeun pikeun riungan warga, atawa sakadar pikeun botram dina acara kulawarga. Apan tempat lega, jaba deuih ariuh da di buruan loba tatangkalan.

Naon tema teks diluhur...

- A. Kumpulan orang orang Dépok
- B. Potongan imah tradisional Dépok
- C. Cagar budaya Dépok
- D. Kabeungharan budaya Nuantara

19. Ngadegna cagar budaya téh di antarana pikeun wangunan heubeul.

- A. Nangtayungan
- B. Ngarombak
- C. Ngadaptar
- D. Ngajual

20. Imah tradisional Depok wangunna imah..... maké balé, bari aya euit deuih

- A. Ranggon
- B. Loténg
- C. Panggung
- D. Ngupuk

21. Nu disebut leuit biasana tukangeun imah, ari gunana pikeun nunda.....

- A. Barang
- B. Senjata
- C. Pakéan
- D. Paré

22. Di buruan imah tradisional mah ariuh, sabab sabudeureunana loba.....

- A. Bale
- B. Leuit
- C. Tatangkalan
- D. Panggung

23. Ayana cagar budaya kagiatan pendidikan, utamana pikeun, murid sakola.

- A. Ngarojong
- B. Mangaruhan
- C. Ngagedékeun
- D. Ngaluskeun

24. Alusna katerangan penting ngeunaan cagar budaya ulah ukur ditulis, tapi.....

- A. Ditembrakkeun
- B. Diibaratkeun
- C. Difilemkeun
- D. Diréndéngkeun

25. *Manuk océh milu kongkur,
Diteundeun luhureun roda.
Ngaran Dépok ti kapungkur,
Titinggal karuhun Sunda*

Anu bieu dibaca ku hidep téh disebutna.....

- A. Sajak
- B. Sisindiran
- C. Pupuh
- D. Pantun

26.



Naon ngaran imah diluhur.....

- A. Imah panggung
- B. Imah loteng
- C. Imah duduk jandela
- D. Imah saung

27.



Naon ngaran imah diluhur.....

- A. Imah panggung
- B. Imah saung
- C. Imah ngupuk
- D. Imah duduk jandela

28. Kandang hayam atawa kandang domba.....

- A. Gedogan
- B. Karapyak
- C. Paranjé
- D. Karangkung

29. Kandang munding atawa kandang sapi.....

- A. Pagupon
- B. Gedogan
- C. Karapyak
- D. Paranjé

30. Kandang sasatoan naon gambar dihandap...

- A. Japati
- B. Hayam
- C. Beurit
- D. Piit



31. *Keur bingung matak ngalamun waé gé.* Dumasar kana kalimah di handap, aya pola kecap anu bener...

- A. Keur bi-ngung ma-tak nga-la-mun wa-é gé.
- B. Ke-ur bi-ngu-ng ma-tak nga-la-mun wa-é gé.
- C. Ke-ur bi-ngung ma-tak ng-a-la-mun wa-é gé.
- D. Keur bi-ngun-g ma-tak nga-la-mun waé gé.

32. *Béjana tangkal caringin kamari rungkad.*

Dumasar kana kalimah di handap, aya pola kecap anu bener...

- A. Bé-ja-na tang-kal ca-ri-ngin ka-ma-ri rung-kad.
- B. Bé-ja-na ta-ng-kal ca-ri-ngin ka-ma-ri ru-ng-kad.
- C. Bé-ja-na tang-kal cari-ngin ka-ma-ri ru-ng-kad.
- D. Bé-ja-na tang-kal ca-ri-ng-in ka-ma-ri rung-kad.

33. Kandang sasatoan dijieunna tina beusi...



Naon ngaran kandang di luhur...?

- A. Gedogan
- B. Karangkeng
- C. Paranje
- D. Karapyak

34. **"Buntut Kasir"**

Naon istilah babasaan diluhur....?

- A. Pageuh kana kahayang
- B. Koret, pelit
- C. Insap
- D. Kurang pengalaman

35. **"Kurung Batok"**

Naon istilah babasaan diluhur....?

- A. Robah Adat
- B. Kurang Pangalaman
- C. Resep pipindahan
- D. Pageuh kana kahayang